Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме - китапхана орайы



# «Талантлы актер, режиссёр, даматург ҳәм алым»

*Төреш Алланазаровтың биобиблиографиясы*

Нөкис – 2018

## *К И Р И С И Ў*

Миллий мәдениятымыздың ажыралмас бир бөлеги болған театр өнери барлық дәўирлерде де инсан қәлбине жақсылық нурын шашып, оларды барқулла руўхыйлыққа тәрбиялап келген. Қарақалпақ театр өнериниң қәлиплесиўи ерте заманлардан саға алған болса да, оның жән-жақлама жетилисип, дүнья театрларының жетик үлгилеринен өрнек алып, қәддин тиклегенине енди ғана бир әсирге шамаласты. Усы ўақытлар ишинде қарақалпақ театр өнери излениўшилик ҳәм дөретиўшиликтиң машақатлы ҳәм жемисли жолларын басып өтти.

Қарақалпақ миллий театрының бүгинги жетискенликлери ҳаққында сөз етилгенде бул театрдың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында, оның профессионал театрлар дәрежесине жетисиўинде өз халқының келешеги, оның мәденияты ушын жан күйдирген ел басшыларының, зыялы инсанлардың, сондай-ақ, өзиниң пүткил өмирин театрдың өсип-раўажланыўына бағышлаған талантлы актёр ҳәм актрисалардың, атақлы режиссёр ҳәм драматурглердиң, басқа да пидайы инсанлардың мийнетлери бар екенлигин көз алдымызға келтиремиз. Мине усындай әжайып инсанлардың бири қарақалпақ миллий театрына профессионал режиссураны бириншилерден болып алып кирген атақлы режиссёр ҳәм драматург, белгили илимпаз ҳәм көрнекли устаз Өзбекстан халық артисти, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Төреш Алланазаров болды.

Төреш Алланазаров аўыл мектебинде хат таныўынан баслап, жаңа заман оқыў орынларында тәлим алған, өз кәсибин оқытыўшылықтан баслаған ҳәм миллий театрды раўажландырыў исине белсене ат салысқан миллет пидайыларың бири сыпатында ат қалдырды. Қарақалпақстан ҳүкиметиниң өтиниши бойынша театр ушын миллий кадрлар таярлаў мақсетинде 1934-жылы Москвада А.В. Луначарский атындағы мәмлекетлик театр өнери институтында қарақалпақ студиясы ашылып, оған республикамыздың талантлы жасларынан 33 жигит-қыз оқыўға жибериледи. Көркем-өнеримиздиң усы талабалары арасында Төреш Алланазаров та бар еди.

Талантлы актёр, драматург, режиссёр, искусствотаныў илиминиң кандидаты Төреш Алланазаров көп жыллар даўамында театр өнери тараўында жемисли мийнет етиў менен бирге, қарақалпақ драматургиясының тарийхы ҳаққында илимий изертлеў жумысларын да жүргизип келген. Ол 7 монографиялық китаптың, 200 ден аслам мақалалардың, 2 драмалық шығармалардың авторы болып табылады. Бизиң халқымыз өзиниң усындай әжайып перзентлерин, ардақлы инсанлардың ислеген хызметлерин ҳеш қашан умытпайды, олардың халық ушын ислеген үлгили ислерин келешек әўладқа жеткизип, жасларымызды ўатансүйиўшиликкке тәрбиялайды.

Биз бүгин театр өнериниң көрнекли ғайраткери, актёр, режиссёр, драматург, дилмаш ҳәм илимпаз, Өзбекстан халық артисти, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Төреш Алланазаровтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлерин кең китап оқыўшылар жәмәәтине еле де толығырақ таныстырыў мақсетинде усы биобиблиографияны жазып отырмыз.

## *Төреш Алланазаровтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети*

Театрдың сахнасында, жәмийетлик турмыста адамлардың өмиринде ҳәммеси ашық майдан болып есапланады. Ашық майданда ҳәр ким ҳәр нәрсени ислеўи мүмкин, биреўлер оны пәслеў таслаўы мүмкин, биреўлер өзиниң жеке мәпине бойсындырыўы да мүмкин. Оған себеплер де табылады. Бирақ ашық майданда адамлардың ийгилиги ушын, келешеги ушын, оның қарар табыўы ушын пайдаланыў ҳәмлениң қолынан келе бермейди. Усындай исте жанын пидә етип ислеген, театр сахнасы көзиниң алдынан кетпеген, театр өнери менен қатнасқан, қарақалпақ халқының тарийхында орны бар Төреш Алланазаров болып есапланады. Ол бул майданда актёр, режиссёр, драматург, илимпаз сыпатында қәлиплести. Төреш Алланазаров 1916-жылы Қоңырат районы Соркөл аўылында

(бурынғы «Мәденият» колхозы) туўылып, оның балалық дәўири республикамыздың ең шеттеги аўылларының биринде қарапайым аўыл адамлары арасында өтеди. Дәслепки басланғыш билимди сол жердеги жас өспиримлер ушын шөлкемлестирилген мектепте алады. Ол сол дәўирдиң мәдений, руўхый орталығында тәлим-тәрбия алып, әпиўайы халық арасынан шыққан алдыңғы зыялы инсанлардың, жасы үлкен ақсақаллардың халықты билим алыўға тартыў, қәбилетли жасларды тәрбиялап камалға келтириў, елдиң бирлиги, оның ертеңги келешеги жолында алып барған шөлкемлестириўшилик ҳәм руўхый-ағартыўшылық ислерин өз көзи менен көрип, үгит-нәсиятларын тыңлап камалға келди. Ол жаслайынан оғада зейинли, инталы бала болып, өзи қатарлы теңлеслеринен ажыралып туратуғын еди. 1929-жылы 13 жасында Төрткүлдеги оқытыўшылар таярлайтуғын техникумға оқыўға кирип, 1933-жылы питкереди. Бир жылдай Кегейли районында муғаллим болып ислейди. 1934-жылы 17 жасында Қарақалпақстан ҳүкиметиниң арнаўлы жолламасы менен жергиликли талантлы жаслар қатарында Москва қаласындағы Луначарский атындағы мәмлекетлик театр көркем-өнер институтына оқыўға жибериледи ҳәм усы институтта билим алып оны 1939-жылы тамамлайды. Усы институтты питкерип келген 26 қарақалпақ жасларының театрға келип қосылыўы мәдениятымыз тарийхындағы ең ири ўақыялардың бири болды. Себеби қарақалпақ миллий театры ушын сол дәўирде қәнигели актёр ҳәм актрисалар оғада зәрүр еди. 1945-жылға шекем Қарақалпақ мәмлекетлик театрында артист ҳәм режиссёр болып ислейди. 1951-жылы Ташкенттеги театр институтының режиссура факультетин питкерип келип, республикадағы мәмлекет театрында бас режиссёр болып хызмет атқарады.

Ташкенттеги Ҳамза атындағы театрды Гинзбург үлкен көркем - өнер майданына айландырған болса, Т. Алланазаров 1950-1960—жылларда қарақалпақ мәмлекетлик театрының сахнасын сондай жоқары басқышқа көтерди. Төреш Алланазаров қарақалпақ театрында 20 жылға шамалас ўақыт жумыс алып барған дәўири ишинде ҳәр қыйлы жанрлардағы 100 ден аслам драмалық шығармаларды сахналастырды. Ол өзиниң жазып қалдырған еске түсириўлериниң биринде «Мен театрда толық мәнисте профессионаллық дәрежеге көтериле алдым деп айта

алмайман. Себеби бул театрлар ушын узақ жол, машақатлы сапар, бир неше әўладалардың излениўшеңлик мийнетлерин талап ететуғын дөретиўшилик мәнзил» деп атап өтеди.

Ол театрда жумыс ислеў менен бир қатарда Республиканың жәмийетлик мәдений турмысында да белсене қатнасып, өзиниң әмелий жәрдемлерин көрсетеди. Атап айтқанда 1956, 1957, 1959, ҳәм 1963 - жыллары қарақалпақ мәденияты менен көркем-өнериниң Өзбекстан, Түркменстан, Әзербайжан Республикаларында ҳәм Москва қаласында өткерилген он күнликлериниң жоқары дәрежеде өтиўинде оның бас режиссёр сыпатында еткен хызметлери айрықша болды. Усындай хызметлери есапқа алынып, оған 1957-жылы «Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен анртист», 1959-жылы «Өзбекстан халық артисти» ҳүрметли атақлары берилди ҳәм бир неше орден ҳәм медальлар менен сыйлықланды.

1959-жылы Төреш Алланазаров жаңадан шөлкемлестирилген Өзбекстан Илимлер Акадмиясының Нөкис филиалына жумысқа шақырылады. Усы илим орайының ең дәслепки директоры болып ислеген, қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына үлкен үлес қосқан бириши академик, илимпаз ҳәм жәмийетлик ғайраткер Марат Нурмухаммедов усы филиал жанынан шөлкемлестрилген көркем-өнер изертлеў секторына басшылық етиў ушын  Төреш Алланазаровты жумысқа мирәт етеди. Солай етип Төреш Алланазаров 1959-1974-жыллары Өзбекстан Илимлер Акадмиясының Нөкис филиалы жанындағы көркем өнер изертлеў секторын басқарады. Төреш Алланазаров «Көркем-өнер изертлеў сектор» ын басқарған 15 жыл даўамында усы бөлимниң хызметкерлери Тәжигүл Адамбаева ҳәм Генжебай Тилеўмуратовлар тәрепинен қарақалпақ бақсы-жыраўларының 500 ден аслам халық қосықлары ҳәм намалары жазып алынды. И. Савицкий, Ә. Жарылқағанов ҳәм басқа да инсанлар аўылма-аўыл жүрип темирши, зергер, ағаш усталары ҳәм қол өнерментшилери тәрепинен таярланған 2000 нан аслам экспонатларды жыйнап,, музей фондына тапсырды. Ол Т. Баяндиев ҳәм Б. Турсыновлар менен биргеликте қарақалпақ театры тарийхына байланыслы 150 ге

жақын илимий мақалаларды жазып баспа-сөз бетлеринде жәриялады., 3 монографиясы китап болып басылып шықты.

Төреш Алланазаров драматургия жанрында да бир қанша жумыслар алып барды. Нәтийжеде белгили жазыўшы ҳәм драматурглер болған Асан Бегимов пенен биргкеликте «Ғәрип ашық», Жолмурза Аймурзаев пенен бирге «Рәўшан» музыкалы драмаларын жазды. Жеке өзиниң қәлеминен дөреген «Айдос баба», «Торышаның дузағы», «Ықлас-қалас» ҳәм басқа да бир қатар драмалық шығармаларды жазды. Және бир оның өзгешелиги бир қанша қоңсылас туўысқан халықлардың драматургиясындағы ең жақсы дөретпелеринен жети пъесаны қарақалпақ тилине аўдарды. Атап өтсек: М.Горькийдиң «Душпанлар», «Васса Железнова» (1941), А.Қаҳҳардың «Жаңа жер»(1952), И.Франконың «Урланған бахыт» (1954), Мольердиң «Партюф» (1956), Ғ. Мүсреповтың «Қыз Жибек» (1950), Мдиванидиң «Ўатан» (1940) шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

1960-жылы Ташкенттеги көркем-өнер институты аспирантурасының сыртқы бөлимине оқыўға кирип, оны 1964-жылы тамамлады ҳәм сол жылы Төреш Алланазаров «Қарақалпақ театрының раўажланыў жолы» деген темада диссертация жақлап, искусствотаныў бойынша илим кандидаты дәрежесин алды. Бир қанша жыллар даўамында Ташкенттеги мәмлекетлик мәденият институтында кафедра меңгериўшиси болып иследи.

Ол театр өнерин, оның режиссурасын, өзгешелигин, драматургиясын бес бармақтай билетуғын еди. 1976-жылы «Қарақалпақ театр өнери ҳәм драматургиясы» деген темада докторлық диссертациясын жазған еди, лекин сол ўақыттағы айырым себеплерге көре бул диссертация тастыйықланбай қалды. Бул жумыстың мазмуны «Театр ҳәм драматургия», «Қарақалпақ театр өнери ҳәм драматургиясының тарийхы» атлы китапларында толығы менен баспада жәрияланды. Оның «Қарақалпақстанда мәдений – ағартыў мәкемелериниң қәлиплесиў дереклери» атлы оқыў қолланбасы бар. Драматургия тарийхы бойынша изертлеўлер Төреш Алланазаровтың дөретиўшилигинде үлкен орынды ийелейди. Оның «Қарақалпақ театры», «Театр ҳәм драматургия», «Қарақалпақ драматургиясы тарийхының мәселелери» бойынша изертлеўлери белгили әҳмийетке ийе.

Өзиниң терең билими, турмыстан топлаған көп жыллық тәжирийбесине сүйене отырып, Төреш Алланазаров жаслар тәрбиясына, қәнийгелер таярлаў ислерине де белсене қатнасты. Бундай устазлық кәсип пенен шуғылланыўына 1974-жылы Ташкент мәмлекетлик мәдeният институтының шөлкемлестирилиўи себепши болды. Таңлаў комиссиясының талапларына толық жуўап бере алатуғын маман қәнийге болғанлықтан ол усы жоқары оқыў орнының жаңадан шөлкемлестирилген театрлар ушын қәнийгелер таярлайтуғын бөлимине кафедра баслығы болып тайынланды. Ол кафедра баслығы болып ислеў менен бирге «Режиссура тийкарлары» ҳәм «Актёрлық шеберлиги» пәнлеринен оқыўшы жасларға устазлық етти. Ол он жылға шамалас ўақыт Ташкент мәмлекетлик мәдeният институтында оқытыўшы болып ислеп көп ғана талантлы жасларды тәрбиялап шығарды. 1983-жылдан баслап Нәжим Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер ўазыйпасын атқарды.

Қарақалпақ театры дәўир ағымы менен узақ ҳәм машақатлы жолды басып өтти, талай сынаўларға шыдам берип, ҳәр қандай қыйын дәўирлерде де өзиниң дөретиўшилик ислерин тоқтатпады. Бүгинги күнде Қарақалпақстанда профессионал театрлардың саны көбейип халыққа мәдений жақтан хызмет көрсетпекте. Бул театрларда Төреш Алланазаровтың режиссура тараўында ерискен жетискенликлерин оның пидайы шәкиртлери даўам еттирип атыр

Төреш Алланазаровтың илимий – дөретиўшилик мийнети жоқары баҳаланған. «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти», «Өзбекстанға мийнети синген көркем - өнер ғайраткери» ҳүрметли атақларына ийе, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты. Ҳүкиметимиз тәрепинен «Ҳүрмет белгиси» ордени ҳәм медальлар, ҳурмет жарлықлары менен сыйлықланған. Төреш Алланазаровтың атын мәңгилестириў мақсетинде Нөкис қаласындағы оның өзи жасаған көшеси атына қойылды. Ол өзиниң режиссёрлық, илимий-изертлеў ҳәм устазлық хызметлериниң барлығын театр өркем-өнери менен байланыстырып, театр режиссёрлығында, илимде, жасларды тәрбиялаўда өзинен кейинги әўладларға үлги болатуғын үлкен мектеп жаратып кетти. Белгили артист, режиссер, драматург ҳәм илимпаз Төреш Алланазаров өзинен кейинги әўладларға қалдырған баҳалы мийнетлери арқалы өз

халқының мәденияты менен көркем-өнерин қәдирлейтуғын хәр бир инсанның кеўлинде ҳәмийше сақланып қалады.

## *Төреш Алланазаровтың өмири ҳәм -*
## *дөретиўшилигиниң тийкарғы сәнелери*

**1916-жылы -** Қоңырат районы Соркөл аўылында (бурынғы «Мәденият» колхозы) туўылды.

**1929-жылы** - 13 жасында Төрткулдеги оқытыўшылар таярлайтуғын техникумға оқыўға кирип, оны **1933-жылы** – питкерип шықты.

**1934-жылы** - 17 жасында жергиликли талантлы жаслар қатарында Москва қаласындағы Луначарский атындағы мәмлекетлик театр көркем-өнер институтына оқыўға жибериледи ҳәм усы институтты **1939-жылы** тамамлайды.

**1939-жылы** усы институтты питкерип келген ол 26 қарақалпақ жаслары менен биргеликте қарақалпақ театрына келип қосылды.

**1940-жылдан 1945-жылға** шекем Қарақалпақ мәмлекетлик театрында режиссёр, бас режиссёр болып жумыс алып барды.

**1942-жылы** Н. Дәўқараевтың «Алпамыс» атлы музықалы драмасын сахналастырып, бул спектакль менен театр жәмәәти басқа да профессиональ театрлар арасында өткерилген фестивальларда сыйлы орынларды ийеледи.

**1945-жылы** – Ташкент мәмлекетлик театр көркем-өнер институтында оқыў менен бир қатарда актёрлық қәнийгелиги бойынша оқытыўшы болып ислейди.

**1951-жылы** Ташкенттеги театр институтының режиссура факультетин питкерип келип, республикадағы мәмлекет театрында бас режиссёр болып хызмет атқарған.

**1959-жылдан 1974-жылға** шекем Төреш Алланазаров жаңадан шөлкемлестирилген Өзбекстан Илимлер Акадмиясының Нөкис филиалы

жанындағы «Көркем-өнерин изертлеў секторы» ның басшысы болып жумыс ислейди.

**1960-1964-жыллары** Ташкенттеги көркем-өнер институты илим изертлеў институты аспирантурасының сыртқы бөлиминде оқыйды.

**1964-жылы – «Қ**арақалпақ театрының раўажланыў жоллары» атамасында кандидатлық диссертациясын жақлады.

**1974-1983** - жылларда Ташкент мәмлекетлик мәдeният институтында театрлар ушын қәнийгелер таярлайтуғын бөлиминде кафедра баслығы болып иследи.

**1983-жылдан** баслап Нәжим Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер ўазыйпасын атқарды.

**2000-жылы 4-августта Төреш Алланазаров** 84 жасында дүньядан өтти.

## *Төреш Алланазаровтың алған атақлары ҳәм сыйлықлары*

**1944-жылы** - «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист» атағы берилди.

**1957-жылы** - «Өзбекстанға хызмет көрсеткен артист» атағы берилди.

**1963-жылы** - «Өзбекстан халық артисти» атағы берилди

**1987-жылы -** Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды.

## *Төреш Алланазаровтың шығармалары*

**1952**

1. Алланазаров Т. Гоголь ҳәм театр // Қзыл Қарақалпақстан.-1952.- 12 февр.

2. Алланазаров Т. Уллы рус халқының актёры: [Рус халқының уллы реалист артисти П.М.Садовский ҳаққында] // Қзыл Қарақалпақстан.- 1952.- 29 июль.

**1963**

3. Алланазаров Т. Рус театрының тәсири менен // Әмиўдәрья.- 1963.- № 11.- Б. 97-101.

**1965**

4. Алланазаров Т. Каракалпакский советский театр: Истоки формирвание.- Ташкент: Фан, 1965. - 180 с.

**1969**

5. Алланазаров Т. Искусствамыздың таң жулдызы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1969.- 44 б.

**1979**

6. Алланазаров Т. Театр ҳәм драматургия. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. - 195 б.

**1982**

7. Алланазаров Т. Театр ҳәм драматургия. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1982. – 178 б.

**1985**

8. Алланазаров Т. Қарақалпақ театрының атасы: [Әбдираман Өтеповтың туўылғанына 80 жыл] // Әмиўдәрья.-1985.- № 10.- Б. 106-108.

**1986**

9. Алланазаров Т. Драматургияға талап күшли // Совет Қарақалпақстаны.-1986.-11 янв.

10. Алланазаров Т. Таланты менен танылган актёр: [Р. Сейтов ҳаққында] // Әмиўдәрья. - 1986. - № 12.- Б. 96 - 97.

***

11. Алланазаров Т. Турешу Алланазарову 70 лет // Вестник Каракалпакского филиала АН УзССР .- 1986.- № 4.- С. 92.

**1987**

12. Алланазаров Т. Ықлас қалас: [Агитдрама] // Әмиўдәрья.- 1987. - № 11. - Б.78 - 92.

***

13. Алланазаров Т. Некоторые вопросы каракалпакской драматургий. - Нукус: Каракалпакстан, 1987.- 267 с.

**1988**

14. Алланазаров Т. Жаңаша ис тутыў дәўир талабы // Әмиўдәрья.- 1988. - № 6. - Б. 93-95.

15. Алланазаров Т. Мәденият ҳәм әдебият ғайраткери // Әмиўдәрья. - 1988. - № 9.- Б. 91- 99.

**1989**

16. Алланазаров Т. Торышаның дузағы: [комедия] // Әмиўдәрья. - 1989. - № 9.- Б.70-85.

**1990**

17. Алланазаров Т. Қарақалпақстан студиясы ҳәм театр // Әмиўдәрья. - 1990. - № 12.- Б. 108 - 112.

**1992**

18. Алланазаров Т. Айдос баба: [Пъесалар] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.- 140 б.

**1993**

19. Алланазаров Т. Заман гәрдиши: [Мемуар] // Әмиўдәрья.-1993.-№ 5- 6.- Б. 61-79.

**1996**

20. Алланазаров Т. Қарақалпақ театрында миллий режиссураның қәлиплесиўи (1926-1959ж) - Нөкис: Билим, 1996.- 64 б.

**2000**

21. Алланазаров Т. Некролог // Еркин Қарақалпақстан.- 2000. - 8 авг.

## Төреш Алланазаров ҳаққында жазылған шығармалар

**22.** Базарбаев Ж. Театр төреси: [Төреш Алланазаровтың 100 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.- 6 дек.

**23**. Дәўлетмуратов Б. Театр өнерине бағышланған өмир: [Көркем - өнер ғайраткери Төреш Алланазаровтың өмир жолы ҳәм дөретиўшилик хызмети ҳаққында] // Әмиўдәрья.-2013.-№ 4.-Б. 102-108.

**24.** Дәўлетмуратов Б**.** Театр режиссурасының сәрдары: [Төреш Алланазаровтың туўылғанына 100 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 13 дек.

**25**. Драматург, режиссёрдың юбилей кешеси: [Төреш Алланазаров ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 24 дек.

**26.** Жаниев С. Еске алыў кешеси: [Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик музыкалы театрында Төреш Алланазаровтың 100 жыллығына бағышланган еслеў кешеси болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 13 дек.

**27**. Жыллар изде қалды: [Қарақалпақстан. Республикасына хызмет көрсеткен артист, 1959-жылдан Өзбекистан Республикасының халық артисти, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, режиссёр, драматург, көркем-өнер таныў илиминиң кандидаты Төреш Алланазаров пенен сәўбет] // Қарақалпақстан мәденияты. - 1995. – январь.

**28.** Қарақалпақ көркем - өнерин қәлиплестириўши зергер: [Төреш Алланазаров 80 жаста] // Қарақалпақстан ҳаўазы. - 1997. - 15 март.

**29.** Көрнекли режиссёр ҳәм драматург ҳүрметине: [Т. Алланазаров 80 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. - 6 март.

**30**. Өталиев А. Театрға хызмет етиў қаҳарманлық: [Т. Алланазаров 80 жаста] // Еркин Қарақалпақстан.- 1996. - 9 апр.

**31**. Султанов К. Режиссёр ҳәм илимпаз: Т. Алланазаров 80 жаста // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 11 июль.

**32**. Султанов К. Сахна өнери ҳәм илими ушын туўылған адам: [Төреш Алланазаровтын туўылғанына 75 жыл толыў алдынан] // Еркин Қарақалпақстан.- 1991. - 20 нояб.

**33**. Төреш Алланазаров 80 жаста // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 29 июнь.

**34**. Турдымуратов Ж. Қарақалпақ театр өнериниң зергери [Т. Алланазаровтың дөретиўшилиги ҳаққында] // Әмиўдәрья. - 2016. - № 6. - Б.92 - 99.

**35**. Турсынов Б. Шебер режиссёр ҳәм белгили илимпаз: [Т. Алланазаров 80 жаста] // Нөкис ҳақыйқаты. - 1996. - 4 июнь.

***

**36.** Пирназаров А. Туреш Алланазаров деятель культуры Каракалпакии // Вестник Каракалпакстана филиала АНУз ССР. - 1976.-№ 3.- С. 86-94.

**Дүзиўши:**
**Мағлыўмат библиография**
**бөлиминиң бас китапханашысы:** **Г. Тажимуратова**